# TUT JIPEK QURTI TUQIMININŃ BAXARǴI RAWAJLANÍWÍN ÚYRENIW

DOI: https://doi.org/10.66073/ReFocus-Conf/QAXAI/1077

**G.E.Abdrimova**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı Jipekshilik kafedrasi baslıǵı, dotsent
**J.Dawletmuratova**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı Jipekshilik qánigeligi magistri

## ANNOTATSIYA

Bul maqalada tut jipek qurtı tuqımlarınıń baxargı inkubaciya dáwirindegi rawajlanıw ózgeshelikleri, hár qıylı temperatura hám ıǵallıq rejeleriniń embrionallıq rawajlanıwǵa tásiri úyrenilgen. Pilleshilik tarawında sapalı hám birkelki qurt ashılıwın táminlew maqsetinde grena jandırıw texnologiyaların jetilistiriw máseleleri tallanǵan. Sonday-aq, jipek qurtı tuqımlarınıń janıw páti hám tut japıraqlarınıń jetiliw pátleri ortasındaǵı sáykeslikti optimallastırıw boyınsha usınıslar berilgen.

***Gilt sózler:*** *Tut jipek qurtı, grena (tuqım), inkubaciya, temperatura, ıǵallıq, embrionallıq rawajlanıw, pilleshilik, janlandırıw texnologiyası.*

**Temanıń aktuallıǵı:** Búgingi kúnde respublikamız awıl xojalıǵınıń áhmiyetli tarmaqlarınıń biri bolǵan pilleshilikti jánede rawajlandırıw, jipek ónimleriniń sapasın xalqara standartlar dárejesine jetkeriw hám eksport potencialın arttırıw baslı wazıypalardan biri esaplanadı. Jipek qurttan bálent hám turaqlı pille hásilin alıw dáslepki náwbette sapalı tuqım tayarlaw hám onı baxarǵı rawajlanıw (inkubaciya) dáwirinde durıs parwazishlewge tikley baylanıslı.

Tut jipek qurtı tuqımınıń báhárgı rawajlanıw procesi júdá názik hám juwapkerli basqısh bolıp tabıladı. Grenanın qısqı tınıshlıq (diapauza) dáwirinen shıǵıp, aktiv biologiyalıq rawajlanıwǵa ótiwi sırtqı ortalıq faktorlarına, ásirese, optimal temperatura hám salıstırmalı ıǵallıqqa kóp tárepten gárizli. Inkubaciya dáwirindegi kishigirim kemshilikler de tuqımnıń birkelki ashılmawına, qurtlardıń hár qıylı jasta bolıp rawajlanıwına hám aqıbetinde pille zıyanlanıwına alıp keliwi múmkin.

**Izertlew jumısınıń obyekti** sıpatında jipek qurtınıń monovoltin parodası Tetragibrid-3 hám «Silver-silk» kárxanasınan keltirilgen (xorijiy Qıtay qurtı) jipek qurtı tuqımları hám Navoiy wálayatınan ákelingen qurt tuqımları paydalanıldı.

Tájriybe jumısları Xojeli rayonında jaylasqan Xojeli «Pille» A/J ne qaraslı kárxanada alıp barıldı. Inkubaciya xanalarında tuqımlardıń normada rawajlanıwı ushın zárur bolǵan gigrotermik rejim (temperatura hám hawa ıǵallıǵı) turaqlı qadaǵalanıp barıldı. Qurt tuqımları 21-aprel kúni inkubatoriyaǵa janlandırıwǵa qoyıldı. 3-5 may aralıǵında janlanıp shıqqan qurtlar fermer xojalıqlarına tarqatıldı. Izertlew dawamında embrionnıń rawajlanıw basqıshları, hár bir basqıshtıń dawamlılıǵı hám sırtqı faktorlardıń tásiri baqlandı.

**Izertlewdin` usillari.** Awil xojalig`i óndirisi menen shug`illanatug`in hár bir fermer hám diyxan xojalig`i basshilari hám olarda isleytug`in qánigeler ózleri jumis alip barip atirg`an aymaqtin` iqlim hám topiraq shárayatlari haqqinda jeterli túsiniklerge iye boliwlari kerek boladi. Qaraqalpaqstan Ózbekstan Respublikasinin` arqa-batisinda tegislik aymaqta Ámwdaryanin` tómengi quyar bóliminde jaylasqan bolip, onin` uliwma jer maydani 166,6 min` kvadrat kilometrdi (1.01.2001 jil) quraydi. Awil xojalig`i ushin jaramli bolg`an jer maydanlari Ámiwdarya deltasinda jaylasqan bolip, olar iqlim sharayati boyinsha shólistan zonanin` arqa aymaqlarina kiredi. Qaraqalpaqstannin` iqlimi keskin kontinental hám hádden tisqari qurg`aqshilig`i menen xarakterlenedi. Jaz aylari og`ada issi, qisi suwiq bolip keledi.

Awil xojaliq daqillarinin` ósip-rawajlaniwinda issiliq rejimi sheshiwshi faktorlardan bolip esaplanadi. Aymaqta toplanatug`in issiliq qori awil xojalig`i daqillarinin` kóplegen túrleri hám olardin` sortlarinin` ónimlerinin` toliq pisip jetilisiwin támiynley aladi. Túslik rayonlarda hawa rayi basqa zonalarg`a qarag`anda jilliraq bolip keledi. Mag`liwmatlarg`a qarag`anda +10$^0$C temperaturadan joqari bolg`an ortasha jilliq issiliq qori: túslik zonada - 4396$^0$C; orayliq zonada – 4064 $^0$C; arqa zonada – 3839 $^0$C boladi. Daqillardin` ósip rawajlaniwi (vegetatsiyasi) dáwirinde alatug`in nátiyjeli (effektiv) temperaturanin` summasi boyinsha joqaridag`i zonalar bir-birinen pariq qiladi.

Qaraqalpaqstannin` iqlim shárayatinin` jáne bir ózgesheligi basqa aymaqlarg`a salistirg`anda báhár máwsimi kesh baslanip, ol qisqa waqit ishinde ótedi. Báhárdin` dáslepki aylari salqin keledi.

Sonliqtan ashiq maydanlarda daqillar kún qizg`annan son` aprel ayinin` ishinde egile baslaydi Misali: orayliq zona (Nókis qalasi) aymaqlarinda mart ayinda hawanin` ortasha temperaturasi +4,1$^0$C boladi, aprelde bolsa ol 13,9$^0$C shekem kóteriledi. Hawanin` ortasha temperaturasi jaz aylari 24-28$^0$C, al gúz máwsiminin` sentyabr ayinda 19,4$^0$C hám oktyabr ayinda 10,7$^0$C átirapinda boladi.

**Izertlew nátiyjeleri**. Tut jipek qurtınıń tuqımında rawajlanıp atırǵan embrionǵa sırtqı ortalıq faktorları (hawa temperaturası, ıǵallıq, jaqtılıq hám taza hawa) tikley tásir kórsetedi. Jipek qurtı suwıq qanlı (poykilotermik) organizm bolǵanlıǵı sebepgili, denesiniń óz temperaturası bolmaydı hám sırtqı sharayattıń sál ǵana ózgerisine de keskin tásirlenedi.

Inkubaciya dáwirinde xanadaǵı hawa ıǵallıǵınıń 75-80% bolıwı táminlendi. Izertlew nátiyjeleri kórsetkenindey, hawa namlıǵı normada bolǵanda embrion birkelki rawajlanadı hám tuqımnıń ashılıw páti joqarı boladı. Eger ıǵallıq rejimleri buzılsa, tuqımlardıń janlanıwı tartipsiz bolıp, qurtlardıń keselliklerge shalınıwshańlıǵı artıp ketedi.

Tájriybe dawamında hár qıylı aymaqlardan keltirilgen tuqımlardıń baxarǵı janlanıw dinamikasında tómendegi parıqlar anıqlandı: Ferǵana wálayatınıń «Silver-silk» kárxanasınan keltirilgen xorijiy Qıtay qurtı tuqımları jergilikli ıqlım sharayatına tez maslastı hám joqarı biologiyalıq aktivlik kórsetti. Bul tuqımlardıń janlanıwshańlıǵı **25 grammdı** quradı.

Navoiy wálayatınan ákelingen qurt tuqımları bolsa salıstırmalı tómenirek kórsetkish kórsetip, olardıń janlanıwshańlıǵı **19 grammdı** quradı.

Bul kórsetkish Qıtay seleksiyasına sáykes bolǵan «Silver-silk» tuqımlarında saqlaw hám qıslaw procesleriniń optimal gigrotermik rejimlerde (temperaturanıń áste-aqırın páseyttiriw rejimi) shólkemlestirilgenligi menen túsindiriledi. Sonday-aq, optimal mikroklimat sharayatı embrionallıq rawajlanıw basqıshların teńlestiriwge hám qurtlardıń qutıdan bir tegis, salamat shıǵıwına alıp keledi.

## FAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR

1. AxmedovN, MurodovS. - «Ipakchilik asoslari» - T. «Oqituvchi» 1998. Darslik
2. Axmedov N., Murodov S -"Ipak qurti ekologiyasi va boqish agrotexnikasi". -T." " 2004.Oquv qollanma
3. Axmedov N. – «Ipak qurti urug'ini jonlantirish». –T. 1992. O'quv qo'llanma,
4. Mirzayeva Y.Y "Tutchilik"(Uslubiy qo'llanma). TashDAU "Tahririyat-nas'hriyot". Toshkent 2022 y.
5. Abduraxmanov A.Rojdestvenskiy-" Ipak qurti uruǵchiligi va naslchiligi". T.:1991 .Darslik.
6. Abdrimova G, Mirzayeva Yo. Tut ipak qurti biologiyasi -T 2024
7. Mohammed Shamsuddin – Silkworm Physiology. A Concise Textbook.Daya Publishing House.Delhi - 110035, 2009. P 208